EURASIAN JOURNAL OF SOCIAL SCIENCES, PHILOSOPHY AND CULTURE
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.2 | SJIF = 6.051 www.in-academy.uz




# КӨРКЕМ ӨНЕРДИ АҢЛАП АЛЫЎ, СЕЗИМ ЕТИЎ ҲӘМ ТҮСИНИЎ

**Қыдырбаев Бахыт**
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы 2 курс студенти
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10441085

**ARTICLE INFO**
Received: 22th December 2023
Accepted: 28th December 2023
Online: 29th December 2023

**KEY WORDS**
*Musiqa, fortepiano, madaniyat, san'at, musiqa asari, pedagogik nazariya, badiiy obraz.*

**ABSTRACT**
*Ushbu maqolada har qanday o'qituvchi uchun zarur bo'lgan maxsus qobiliyatlar haqida gap boradi, ularsiz tegishli pedagogik va psixologik kompetentsiyani amalga oshirish mumkin emas. Agar musiqa o'qituvchilar uchun bo'lsa, musiqiy iste'dod juda muhimdir. Ushbu mahorat to'plami keng va murakkab bo'ladi. Musiqiy va pedagogik ijroning farqi shundaki, uning tarkibiy bo'limlari orasida musiqa o'qituvchisi faoliyatining umumiy tuzilishida alohida toifa bo'lgan vizual komponentning mavjudligi.*

Музыка атқарыўшылығы балаларда бәркәмаллықка ерисиў, сулыўлықты түсинип жетиў қызығыўшылығын пайда етады. Музыка шығармасындағы көркем образлар болса оларда естетикалық сезимди өзлестиреди, оларға барлық инсаный кеширмелерин жақсылаў, түсиниўде жәрдем береди. Оқыўшылар ҳәр қыйлы музыка дөретпелери үстинде ислеўде арнаўлы бир дүняға көз-қарасларында сәўлеленген турмыста жасаў мүмкиншилигине ийе болады. Сол кеширмелер менен бирге белгили руўхый-естетикалық түсиниклер да пайда болады. Б.М.Тепловтың пикиринше-көркем тәрбияда яғный сонысы да зәрүрлиги, бир көркем өнердеги "жумыслар" көркем өнердиң басқа түрлериндеги көркем қәбилетлердиң қәлиплесиўине үлкен жәрдем бериўи мүмкин. [1,90]

Оқыўшы ҳәм студентлерде көркем билимлер қанша көп болса, олар ҳәр-түрли, көркем өнер шығармасындағы образларды сонша толық ҳәм терең түсиниўлери ҳәм билиўлери мүмкин. Көркем өнер менен тиккелей әмелий шуғылланыўдың өзи-де күтә үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болады. Атқарып атырған образларға ҳәм олар арқалы ўақыялардағы ҳәдийселерге, сезим ҳәм кеширмелерге естетикалық мүнәсибет, оқыўшыларды естетикалық тәрбиялаўдың ең тиккелей ҳәм актив жолы болып табылады.

Жоқары оқыў журтындағы тәлим ҳәм тәрбия, заман талапларыға жуўап беретуғын ҳәм әмелий искерликти баслаўдан-ақ, оның табыслы болыўын тәмийинлейтуғын сапаларға ийе болған қәнигелерди жетистириўи керек. Ҳәр бир кәсип айрықша зәрүрли сыпатларына ийе болыўды талап етеди. Мине сондай сыпатларды белгилеў оқыўшы - жаслар инсанды қәлиплестириўдиң арнаўлы бир мақсетлерин белгилеў есапланады.

Музыка оқытыўшысының қурамалы кәсиби бир неше музыка қәнигеликлерин өз ишине алады, бирақ олардың соншелли жыйындысынан ибарат емес. Педагогикалық теорияны, тәжирийбелерди анализ ислемей турып заманагөй оқытыўшы таярлаўдағы бар болған әмелиятты анализ етпей ҳәм улыўмаластырмай турып бул тараў оқытыўшысының көринисин терең сәўлелендирип болмайды. Әне сол көринис қәнигеге қойылатуғын талаплардың арнаўлы бир системасы ретинде көринетуғын болып, болажақ музыка оқытыўшы инсанды қәлиплестириўдиң бағдарламасы ҳәм жолларын жетилистириў имканиятын береди.

Ҳәзирги күнде жоқары оқыў орынларыдағы тәлим процеси өз ўазыйпасы ҳәм жеделлигине көре талай қурамалыласады. Сол себепли оның бағдары, мазмуны ҳәм стилистикасы мәселелерин илимий тийкарда шешилмей турып, жәмийеттиң мудамы артып баратырған талапларына уйқас қәнигелер таярлаў нәтийжелилигин тәмийинлеў мүмкин емес. [2,64-66]

Қәниге таярлаўдың мақсети, ўазыйпалары ҳәм қәсийетлерин үйрениў талапларды оқытыў ҳәм де тәрбиялаўдың мазмуны, принциплери ҳәм усылларын туўры белгилеўдиң ең зәрүрли шәрти болып табылады. Мине сол жумыстың ҳәзирги әмелдеги формаларынан бири, жас қәнийге иснанның қәсийетлерин раўажландырыўы болып табылады. Болажақ қәнигениң жетилискен түринде, жәмийеттиң мине сондай қәнигелерине мүтәжлиги айқын көринеди, сонлықтан, усы тәрептиң өзи жоқары оқыў журтындағы тәлим - тәрбия процесин, оқыўшылардың кәсиплик таярлығы қурамын шөлкемлестириў ҳәм раўажландырыўдың бағдарламасы болыўы мақсетке муўапық болып табылады.

Жоқары оқыў орынлар, орта арнаўлы, музыка мектеп ҳәм улыўма билим бериў мектеплеринде музыка оқытыўшының тийкарғы мақсети - оқыўшыларды естетикалық, көркем ҳәм етикалық тәрбиялаў, оларда музыка мәдениятын структурасын табыў арқалы инсан руўхый қәлиплестириўден ибарат есапланады. Сол себепли да музыка тәрбиясы жеткиншекти уйқаслықта кәмал таптырыўдың зәрүрли факторы ретинде көринетуғын болады.

Атап айтқанда, музыка менен шуғылланыў көркем-өнерди түсинип жетиў искерлиги болып, бир қатар факторларды өз ишине алады. Ол идеологиялық пикирди өзлестиреди, етикалық тәрептен тәрбиялайды, инсандағы қызығыўшылықлардың психологиялық мақсети ҳәм бағдарларын белгилейди, социаллық кейипиятты пайда етеди, қурайды ҳәм бирлестиреди, социаллық активликти тәрбиялайды.

Көркем өнерди аңлап алыў, сезим етиў ҳәм түсиниў қәбилетлерин раўажлантырады, естетикалық ҳәм музыкалық көз-карасын өсиреди, интеллектуал кәмалға жеткереди, дөретиўшилик активликти, ойлаўды оқыўшыларда айрықша өзине тән қәсийетлерин күшейтеди, зәрүр болған музыкалық билим, көнликпе ҳәм илимий тәжирийбелерди пайда етеди, бос ўақыт машқаласын шешиўде жәрдем береди. Балалар музыканы түсиниўи ушын музыка тилиниң руўхый ҳәм форма жасаўы қәсийетлерин билиўлери, арнаўлы бир дәрежеде раўажланған музыкалық (сес бәлентлиги, тембри, музыканың гармониялық, динамикалық қәсийетлерин тусинип жетиў, лад ҳәм ритмди сезиў, музыканы еслеп қалыў) 6 қәбилетке музыканы түсиниў ҳәм атқарыўшылық

илимий тәжирийбелерине ийе болыў жумыслары зәрүр. Музыка оқытыўшысының искерлиги тек музыка сабақлары өтиўи менен шегараланбайды.

Оның ўазыйпасына музыка кешелери ҳәм таңлаўларды таярлаў ҳәм өткериў, материаллық саяхатлар шөлкемлестириў, музыка ҳәм театр тараўларыдағы жаңалықлар менен оқыўшыларды үзликсиз таныстырып барыў сыяқлы искерлик жумыслар киреди. [3,215]

Булардың шәртли түрде төмендегилерде көриў мүмкин:

1.Тәлим- тәрбия процесиниң барлық бөлимлерин белгилеў: шөлкемлестирилген-мазмунлы жумыс (музыка бойынша тәлим ҳәм тәрбия жумысларын мазмунын таңлаў)

2.Тәлим - тәрбия процессинде оқытыўшының оқыўшылар менен байланысы, жәмийетшилик менен өз-ара бирлиги.

3.Тәлим-тәрбия процесиниң режесин әмелге асырыўға тийисли шөлкемлестирилген жумыслар (ўазыйпаларды анық баянлаў, оқыўшылар искерлигин ҳәм тәлим тәрбия процесиниң басқа формаларын шөлкемлестириў)

4. Ҳәр бир оқыўшының үзликсиз өсип барыўы ҳәм оқыўшылар жәмәтиниң раўажланыўын алдынан көре билиў, ул-қызларды улыўма (ҳәм де музыкалық) кәмал таптырыў ўазыйпаларын белгилеў ҳәм избе-из әмелге асырыў.

5. Оқыўшыларда жәмийетлик әҳмийетке ийе қәдирияtлардың арнаўлы бир системасын, мүтәжлик, қызығыўшылық, көз-қарасты қәлиплестириўге, искерлик ҳәм қатты-ҳәрекет себеплерин, дүнյаға көз-қарас ҳәм дүняны сезиўди белгилеўге тийисли жумыслар.

6. Педагогикалық искерлик оқытыўшыдан төмендегилерди талап етеди:

а) оқыўшылардың қәбилетлерин музыкаға қызығыўшылықларын, музыкалық билимлерин, олардағы дөретиўшилик көникпе ҳәм илимий тәжирийбелерди өзлестириўлери динамикасын үйрениў;

б) оқытыў усылларын үйрениў, нәтийжели усылларды ҳәм де оларды жетискенликлерин қолланыў шараятларын анықлаў;

в) стилистик қолланбалар ҳәм изертлеўлерди үйрениў (оларды сын, анализлеў, баҳалаў);

г) өзиниң ҳәм басқа оқытыўшылардың унамлы ҳәм де унамсыз тәжирийбелерин анализ етиў, жумыстың нәтийжели усыллары ҳәм формаларын улыўмаластырыў ҳәм де олардан өз әмелиятында пайдаланыў;

д) үзликсиз түрде педагогикалық бақлаўлар ҳәм тәжирийбелер өткериў. Музыка оқытыўшыға зәрүр болған уқыпты жетискенликлерди өзлестириў ушын оқытыўшылық, артистлик ҳәм музыкант қәбилетлери уйқаслықта болыўы зәрүр. Музыка оқытыўшы өз пәнин сүйиўи, оған қызығыўшылық менен жақынлаўы, оқыўшыларды жақсы көриўи, музыка көркем өнери қураллары менен оқытыў ҳәм тәрбиялаўдың айрықша қәсийетлерин билиўи керек. Өз кәсиби менен бир қатарда оқыўшыларды да сүйетуғын оқытыўшы - бәркәмал оқытыўшы болады. Музыка оқытыўшы қәбилетлер психологиясын, бала ҳәм өспирим инсанның типологиялық ҳәм де жас қәсийетлерин, дөретиўшилик қәсийетлериниң раўажланыў нызамлықлары ҳәне оның ең нәтийжели орынланатуғын шараятларын билиўи зәрүр.

7. Арнаўлы класс оқытыўшы алдын-ала оқыўшыларға улыўма естетикалық тәрбия бериў ўазыйпаларын түсинип алыўы керек. Бул ўазыйпалар музыка саз-әспабларды жақсы шертиўди үйретиўден ибарат болыўы керек. Бунда, ең кереги, балаға музыканы сүйиўди үйретиў ҳәм ол жағдайда музыка шынығыўларына қызығыўшылық оятыў, саз әсбаплары жәрдеминде музыкалық искерликке мүтәжлиликти пайда етиў, соның менен бирге, мектепти питкергеннен кейин да ең болмағанда өз кеўил-кейпияты ушын музыка менен шуғылланыў имканиятын беретуғын билим, көнликпе ҳәм илимий тәжирийбелерди структура таптырыў болып табылады. Фортепиано сабақлары күтә үлкен тәрбиялық мүмкиншиликке ийе. Сол себепли олардың тәрбиялық ҳәм тәлим ажыралмас бирликте бир-бирин толтырған ҳалда түсиниў керек. Музыка тәрбиясы қәниге музыкантты емес, бәлким алдын-ала оқымыслы адам инсанды тәрбиялаў болып табылады.[4,143-144]

Ҳәр қандай оқытыўшы ушын арнаўлы қәбилетлер да зәрүр, оларсыз тийисли педагогикалық - психологиялық искерликти әмелге арттырып болмайды. Музыка оқытыўшы ушын болса, музыкалық уқыплылықлар жүдә зәрүрли болып табылады. Бундай қәбилетлер комплекси талай кең ҳәм қурамалы болады. Музыкалық-педагогикалық искерликтиң айрықшалығы оның структуралық бөлимлери қатарында көркем-образлы компоненттиң бар екенлигинен ибарат болып, бул компонент музыка оқытыўшы искерлигиниң улыўма қурамында өз бетинше категория болып есапланады.

Музыка оқытыўшы ушын дөретиўшилигиниң еки түри жазба-аўызша түсиндириў ҳәм музыка шығармасын саз әсбапында атқарыўшылық ең әҳмийетке ийе. Жалғыз тәртипте шынығыў алып барыў класстың барлық жумыслары ҳәр түрли усыл жанр ҳәм сыртқы көринислердеги музыка дөретпелерин үйрениўде әмелге асады. Оқытыўшы өз шәкиртине дөретпелердиң қәсийетлерин аңлап алыўды, шығармада жасырынған мазмун ҳәм идеяны түсиниўди, музыкалық тилдиң мәнисине кирип барыўды, жумыстың усыл ҳәм жолларын өзлестириўди үйретиўи керек.[5,43]

Булардың ҳәммеси музыкалық атқарыўшылық зәрүрлигин тәрбиялаўға қаратылған жумыслар болады. Мине сол соңғы мақсетке ерисиў ушын оқытыўшының өзи музыканы шын жүректен сүйиўи, өзиндеги қызығыўшылығы ҳәм тәжирийбени басқаларға бериўине умтылыўы зәрүр. Бирақ ол оның ушын жеткиликли дәрежеде сезгир болыўы ҳәм өз класында бир неше рет үйренилген дөретпе үстинде ҳәр сапар ислеўде оқыўшылар менен бирге жаңа анализлер пайда болған сыяқлы сезим етиўи керек.

8. Оқытыўшы үйренилип атырған дөретпелерди оқыўшыларға анық мысаллар арқалы түсиндириў ҳәм көрсетиў ушын алдын-ала өзи кең ҳәм де ҳәр тәреплеме мағлыўматлы болыўы шәрт. Республика композиторларының дөретпелери үстинде ислеўде оқыўшыларда үйренилип атырған песалар характериниң миллий қәсийетлери ҳаққындағы түсиникти қәлиплестириў зәрәр болып табылады. Оқыўшы халық көркем өнери дәстүрлери дерлик барлық композиторлар ушын шараят сыпатында хызмет етиўин билип алыўы керек. Мысалы, халықтың пикир ойы ҳәм әрман үмитлерин аңлатыўшы, жоқары көркем байлықлар үлгиси болған халық музыкасына таяныш композиторлар дөретиўшилигиниң тийкары болып хызмет етеди. [6,76]

Оқытыўшының тийкарғы ўазыйпаларынан бири-оқыўшыларда музыка шынығыўларына туўры мүнәсибетти, мийнетке муҳаббатты тәрбиялаў болып табылады. Ол оқыўшыны музыканы аңлап алыў менен бирге, өз атқарыўшылығында әне сол музыканы туўры айта алыўға үйретип барыўы керек. Бунда автордың текстине, редактордың көрсетпелерине, ҳәр қыйлы белгилерге итибарлылық пенен мүнәсибетте болыўды тәрбиялаў зәрүр. Оқыўшы тек қысқа мүддетли дөретиўшилик тапқырлық ҳәм табыслар менен шекленбей, дөретиўшилик табысларға ерисиў жолларын табыўға умтылыўы зәрүр.

Оқытыўшының уқыбы оқыўшының жақсы хәрекетин билиў ҳәм ондағы қалған барлық сыпатларды әне сол жақсы пәзийлетке жөнелтире алыўы болып табылады. Фортепиано музыкасы жанрларын үйрениў музыкалық тәлимниң барлық басқышларындағы актуал мәселе болып табылады. Усыныс атырған темада фортепиано педагогикасында дәслепки биринши сап фортепиано жанры есапланған, клавишли саз-әспаб тәбиятын және де жарқынрақ көринетуғын етиўши токката жанры кең үйрениледи.

## References:

1. Джамалова Д., Утаеева Н. “Фортепиано әлемине дәслепки қәдемлер”, Оқыў қолланба. Ғ.Ғулам атындағы НМИУ, Ташкент, 2016.
2. Кисель Е., Натансон Б., Николаев А., Ереженская Н. “Школа игры на фортепиано”, Издателство “Музыка”, Москва, 1975.
3. Азимов Х. Фортепиано сабақлығы.- Т., “Оқытыўшы ”, 1997.
4. Штейнпресс Б., Ямпольский И. “Энциклопедический музыкальный словарь”, Москва, 1959.
5. Хайитбоева Д. Нотаны қағаздан оқыў ҳәм фортепиано ансамбли.- Т, “Узбекистан”, 2010.
6. Ташпулатова Д. Кәрўан сарая над этюдами Г. Мушеля в фортепианном классе.-Т. «Узбекистан». 2011.
7. Ходжаметова, Гулчира Илишевна. "Становление и развитие хореографического искусства в Республике Каракалпакстан." Science and Education 1.5 (2020): 251-258.
8. Ходжаметова, Гулчира. "Қорақалпоқ халқининг миллий маданий қадриятларининг ифодаси." Journal of Culture and Art 1.9 (2023): 9-13.
9. Ходжаметова, Гулчира. "История развития искусства хореографии в каракалпакии." Journal of Fundamental Studies 1.10 (2023): 117-122.
10. Ходжаметова, Гулчира. "Исторические, культурные и духовные традиции каракалпакского народа." Journal of Culture and Art 1.6 (2023): 3-7.
11. Ходжаметова, Гулчира. "Замонавий фортепиано мусиқаси ижрочилик маданиятининг услубий ранг-баранглиги." Journal of Culture and Art 1.1 (2023): 11-15.
12. Khodjametova, Gulchira. "Dastans are the main genre of korakalpok folklore." INTERNATIONAL JOURNAL OF SOCIAL SCIENCE & INTERDISCIPLINARY RESEARCH ISSN: 2277-3630 Impact factor: 7.429 12.02 (2023): 52-54.

13. Xodjametova, Gulchira. "O'quvchi tarbiyasida individual yondashish samaradorligini oshirishi." Евразийский журнал социальных наук, философии и культуры 3.1 Part 3 (2023): 101-105.
14. Alliyarova, Marjan, and Gulchira Xodjametova. "O’quvchilarning Qo’shiq Aytishida Ustozning Ta’sir Etish Usullari." Miasto Przyszłości 27 (2022): 123
15. odjametova, Gulchira. "Dirijyorlik etishda qo‘llarning tog’ri holati." Oriental Art and Culture 3.1 (2022): 465-470.
16. odjametova, Gulchira. "Dirijyorlikda o ‘ng va chap qo‘lning alohida va umumiy vazifalari." Oriental Art and Culture 2.4 (2021): 388-392.
17. Ходжаметова, Г. "Узиликсиз музыкалық тәлим--тәрбия барысында педагогика ҳәм оған қойылатуғын талаплар." ТАРАЗ МЕМЛЕКЕТТIК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ УНИВЕРСИТЕТIНIҢ ХАБАРШЫСЫ: 105